

SS.7.C.1.5 Klarifikasyon sou Nosyon Fondamantal: Elèv yo ap identifie feblès gouvènman an anba Atik Konfederasyon an.

Aprè endepandans la te deklare nan men Grann Bretay, kolon yo te beswen kreye yon sistèm gouvènman pou novo nasyon endependan an. Premye gouvènman peyi Etazini an te yon **konfederasyon** kite rele **Atik Konfederasyon**.

Atik Konfederasyon an te yon repons dirèk a lis plent (konplent) ki long kont Wa George III, wa a ki te gen tout pouvwa sou koloni yo. Pandan ke kolon yo te anba règ Wa George III yon sistèm otonom te an plas. Sa a se lè yon sèl moun kontwole gouvènman an.

Pou evite yon sistèm otonom nan novo peyi a, kolon yo te kreye yon gouvènman konfederal. konfederasyon sa a te reflete perèz kolon yo pou yon gouvènman nasyonal ki pwisan. Daprè sistèm konfederal la, te gen limit ki estrik sou gouvènman nasyonal la, ke yo te fin wè li kòm feblès nan Atik Konfederasyon an. Anba la a se yon lis feblès sa yo:

| Feblès Gouvènman Nasyonal la | Kisa sa vle di? |
|--|--|
| Kongrè a pat gen okenn pouvwa pou takse | Kongrè pat kap kolekte lajan ki nan men eta yo, pou yo te kreye e peye yon lame ak marin pou defann nasyon an. |
| Kongrè a pat gen okenn pouvwa pou kontwole komès | Kongrè pat kap fè lwa sou kalite machandiz ki rantre nan peyi a. Epitou, eta yo te gen règleman komès diferan. |
| Kongrè pa te gen okenn pouvwa pou anfòse pwòp lwa li yo | Lwa yo ke Kongrè a te pase pa te gen okenn enfliyans reyèl sou pèp la paske yo pa te fè respekte restriksyon yo. Moun yo ak eta yo te kapab chwazi inyore lwa nasyonal la. |
| Gouvènman nasyonal la te manke yon sistèm tribunal nasyonal | Pat gen anyen ki te etabli nan gouvènman nasyonal la ki ta deside sou ki jan lalwa a ta kapab entèprete. Sa vle di ke pat gen okenn branch jidisyè reyèl. |
| Gouvènman nasyonal la te manke lidèchip ki fò | Pat gen okenn chèf egzekitif kite ka jere gouvènman nasyonal la. Sa vle di, pat gen okenn branch egzekitif reyèl. |
| Amannman nan Atik Konfederasyon an mande konsantman inanim nan 13 eta lejislati yo | Chanje gouvènman an te trè difisil. Si youn nan eta lejislati yo pat renmen yon chanjman kite pwopoze, li te kapab vote kont amannman an e anpeche pou yo ratifye amannman an. |

Paske Atik Konfederasyon an te kreye yon sistèm desantralize (pa gen okenn pouvwa santral) nan gouvènman an, chak eta te fonksyone tankou yon peyi endependan nan plizyè fason. Chak eta te

kapab fè akò komès ak lòt nasyon. Chak eta te etabli pwòp militè li, e chak eta te fè lwa yo, ke yo te espere rezidan li yo ap swiv. Eta yo pat opere kòm yon nasyon. Li tap fasil pou yon lòt peyi al atake peyi Etazini.

Anplis de enkyetid sa yo te gen **Rebelyon Shays**, non yo te bay a yon evènman ke 2000 kiltivatè Massachusetts **te revolte** nan tribunal lokal yo pou anpeche gouvènman an pran fèm yo. Gouvènman Massachusetts la tap menase pou yo pran tè nan men kiltivatè sa yo paske yo pat peye **taks** yo pandan Lagè Revolisyonè a, menm si gouvènman an te deja di yo, yo pat gen pou yo peye taks sa yo.

Rebelyon *Shays* a, te fè lidè yo nan gouvènman nasyonal la fè yon lòt gade nan Atik Konfederasyon an. An fevriye 1787, senk eta voye reprezantan al kontre nan *Maryland* pou pale sou kriz la. Yo te rele pou fè yon reyinyon avèk reprezantan ki soti nan tout 13 eta yo nan *Philadelphia* pou deside ki sa ki dwe fè konsènan Atik Konfederasyon an. Pita yo te vin rekonèt reyinyon sa a tankou **Konvansyon Konstitisyonèl**, kote Konstitisyon Ameriken an te ekri pou ranplase Atik Konfederasyon yo.

amannman – yon chanjman nan yon konstitisyon (egzanp, Atik Konfederasyon an, Konstitisyon Etazini an)

anfòse – ranpli efektivman

Atik Konfederasyon an – premye konstitisyon nan peyi Etazini

inanim – nan akò konplè

konfederasyon – yon sistèm nan gouvènman kote pouvwa sitiye ak eta yo ki endependan epi gen ti kras pouvwa nan gouvènman santral la; yon konfederasyon rele tankou yon sistèm konfederal

kontwole – pou kontwole, gouvène, ou dirèk selon règ la

Konvansyon Konstitisyonèl – yon reyinyon nan *Philadelphia* an 1787 kote delege yo te deside voye jete Atik Konfederasyon an pou ekri Konstitisyon an

revòlt – pou leve kont otorite yon chef oswa yon gouvènman

Shays Rebelyon – yon evènman lè 2000 kiltivatè Massachusetts te rebele kont fèmti tè yo ak dèt yo depi nan Lagè Revolisyonè a

taks – lajan ke yon gouvènman chaje pou enstalasyon espisifik oswa sèvis.